

Consent for Treatment with Disulfiram, Haitian Creole Translation

KONSANTMAN POU TRETMAN AVÈK DISULFIRAM

Disulfiram (Antabuse) se yon medikaman ki apwouve pa FDA a pou trete twoub konsomasyon alkòl lakay moun ki te sispann konsome alkòl. Medikaman sa a lakoz kò a pa anmezi pou trete okenn alkòl. Lè alkòl la konsome, vin genyen yon reyaksyon ki depanndan de dòz la. Ou PA dwe pran Disulfiram si ou te konsome alkòl pandan 12 dènye èdtan yo.

Plis ou te konsome yon kantite alkòl ki anpil, se plis reyaksyon alkòl-disulfiram nan ap vin pi fò. Reyaksyon an ka dire soti 30 minit pou rive plizyè èdtan, oswa kantite tan ki nesese pou alkòl la kapab metabolize. Yon reyaksyon alkòl-disulfiram kapab rive pandan jiska 2 semèn aprè ou fin kanpe medikaman an.

Yon reyaksyon alkòl-disulfiram kapab genyen ladan pwoblèm respirasyon, doule k ap lanse nan tèt ak kou, kèplen, vomisman, transpirasyon, swaf, palpitasyon, feblès, vètij, vizyon twoub, ak konfizyon. Gwo reyaksyon kapab genyen ladan ensifizans respiratwa, ensifizans kadyak, pèt konsyans, kriz, ak lanmò.

Menm ti dòz alkòl toupiti ka absòbe nan pafen, dezenfektan pou men, atik manje yo (vinegrèt, vinèg, sòs, ekstrè, elatriye), epi bwason ki genyen alkòl, kapab lakoz yon reyaksyon alkòl-disulfiram. Li enpòtan pou verifye etikèt atik ki pral anndan kò w oswa sou kò w yo.

Tès laboratwa pou kontwòle fonksyon fwa a pral fèt anvan ak pandan tretman an, paske disulfiram ka afekte fwa w. Kontakte founisè ou an touswit si ou devlope sentòm tankou zye/po k ap vin jòn, pipi fonsè, doule nan lestomak, pèt apeti, fatig, ak chanjman nan pou pou (ki genyen ladan devlopman dyare).

Efè segondè ki plis komen pou disulfiram se anvi dòmi, men te genyen gwo reyaksyon negatif lakay kèk moun, sa genyen ladan ensifizans nan fwa, iritasyon nève/newopati, sikoz, akne, gratèl nan po, enpizans, ak enflamasyon nè optik la.

Genyen kèk medikaman ou pa dwe pran avèk disulfiram (metronidazole, dronabinol, ak kèk medikaman pou tous). Li enpòtan pou fè founisè ou yo konnen ke yo te preskri w disulfiram. Pa chanje medikaman ou yo san ou pa verifye sa avèk founisè ou an.

Yo pa konnen si li san danje pou yon moun pran disulfiram pandan gwosès oswa si li ka pase nan lèt tete. Yo pral fè yon tès gwosès anvan tretman an kòmanse. Si ou aprann nenpòt lè ke ou ansent tanpri alète ekip medikal ou an. Yo pa rekòmande disulfiram pandan w ap bay tete.

Konsève disulfiram nan tanperati chanm, nan yon veso ki reziste ak limyè. Konsève tout medikaman yo lwen timoun ak bèt domestik yo.

Itilizasyon alkòl trè danjre aprè yon moun fin kòmanse tretman disulfiram nan. Li rekòmande pou alète fanmi w, zanmi w ak kontak pwòch ou yo k ap pran disulfiram epi konsènan risk pou yon gwo reyaksyon si ou ta tounen konsome l.

Disulfiram se sèlman yon pati nan tretman ou an. Li rekòmande pou chèche sèvis soutyen pou retablisman, ansanm ak pati medikal nan tretman ou an, pou ede w nan pwosesis retablisman ou an.

Non Pasyan an

Dat

Non Founisè a

Dat